



Pou Piblikasyon Imedya: 03/01/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO RANFÒSE SEKIRITE NAN PWEN ENFRASTRIKTI EMPÒTAN
YO NAN NEW YORK NAN MITAN TANSYON YO K'AP MOUTE NAN
MWAYENNORYAN**

Deplwaye Gad Nasyonal nan Ayewopò Vil New York yo

Mande Depatman Sekirite Tèritwa Eta a ak Lòt Ajans yo pou Ogmante Sekirite ak Rete an Alèt

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te mande ajans sekirite piblik ak ajans repons pou ijans yo nan eta a pou ogmante sekirite nan pwen enfrastrikti enpòtan yo nan mitan tansyon k'ap monte nan Mwayennoryan, enkli deplwaman Gad Nasyonal nan Ayewopò yo nan Vil New York.

"Dènye evènman entènasyonal yo pwovoke natirèlman kèk enkyetid, epi pandan ke New York pa ko resevwa okenn menas dirèk, pou nou ka pran anpil prekosyon, mwen ap mande Gad Nasyonal ak ajans eta yo ogmante sekirite ak entansifye patwouy yo nan etablisman ki pi enpòtan nou yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou gen meyè pèsonèl repons ijans nan peyi a. Nou prepare pou fè fas ak nenpòt ki sitiyaasyon ki parèt sou wout nou epi nou pral kontinye kominike nenpòt enfòmasyon enpòtan bay gouvènman lokal yo ak bay piblik la an jeneral pou asire ke tout moun an sekirite."

Lapolis Eta New York pral prepare yon ekspoze sou lit kont-teworis ke yo pral bay tout ajans fòs de lòd yo nan tout eta atravè Sant Entèlijans Eta a (State Intelligence Center). Ekspoze a pral gen ladan yon mizajou sou sitiyaasyon an, enplikasyon Eta New York, ak enkli endikatè yo nan aktivite sispèk. Yo pral mete ekspoze a ajou pa rapò ak evènman yo.

Depatman Sèvis Piblik la (Department of Public Service, DPS) antre an kontak ak tout sèvis elektrik, gaz natirèl, telefòn ak dlo nan Eta New York, epi li mande konpayi yo pou ogmante sansibilizasyon ak vijilans konsènan sekirite anliy ak fizik.

Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA) ap fè tchèk ak patwouy nan tout sèvis piblik yo, epi Biwo Sèvis Teknoloji Enfòmasyon nan Eta New York lan (New York State Office of Information Technology Services) ap fè tchèk sou tout detay sekirite anliy yo.

Ekip Entèkansyon nan Ka Ensidan Anliy (Cyber Incident Response Team) Divizyon Sekirite Teritwa ak (Division of Homeland Security) nan Eta te kowòdone ak Sant Entèlijans Eta a pou ankouraje patnè piblik ak prive pou yo egzèse sansibilizasyon elve

ak vijilans kontinyèl nan tach ke yo ap fè chak jou yo, epitou pou rapòte nenpòt aktivite anliy ki sispèk atravè mekanism rapò yo etabli yo.

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan (Department of Homeland Security and Emergency Services) pral revize tou tout evalyasyon vilnerabilite yo epi kontakte ajans ak biznis ki apwopriye yo jan sa nesesè.

MTA pran mezi anplis pou amelyore kouch sekirite dinamik òdinè yo apre dènye evenman entènasyonal yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)